

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa salasihiji pakakas nu dipaké ku manusa dina hirup kumbuhna pikeun ngedalkeun eusi haté hiji jalma, boh sacara lisan boh tulisan. Dina enas-enasna, basa téh dipaké ku masarakat nu nyicingan hiji wewengkon, salasihijina nya éta basa Sunda nu dipaké ku masarakat nu nyicingan wewengkon Priangan atawa tatar Sunda. Basa Sunda mangrupa basa indung nu dipaké di wilayah tatar Sunda, hususna di Jawa Barat. Tangtuna éta hal téh ngabalukarkeun basa nu dipaké dina kahirupan sapopoé masarakatna ogé nya éta basa Sunda. Dina kamekaranana, kiwari dipakéna basa Sunda minangka basa nu dipaké dina kahirupan sapopoé téh beuki nyirorot. Salasihiji sababna nya éta pangaruh *globalisasi* sarta *akulturasi* jeung basa séjén. Nilik kana éta pasualan, diperlukeun tarékah pikeun ngamumulé basa Sunda sangkan teu tumpur. Salasihiji tarékahna nya éta ku cara ngayakeun pangajaran basa Sunda di sakola-sakola.

Pangajaran basa Sunda ngawengku opat kaparigelan, nya éta: (1) ngaregepkeun, (2) nyarita, (3) maca, jeung (4) nulis. Kaparigelan nyarita jeung nulis disebut kaparigelan basa sacara éksprésif (produktif). Ari kaparigelan ngaregepkeun jeung maca disebut kaparigelan basa sacara résetip (pasif). Ieu téh saluyu jeung pamadegan Dawson (dina Tarigan, 1963, kc. 9) “*learning is an integrated thing.*” Opat kaparigelan basa éta teu bisa dipisahkeun lantaran hiji jeung nu lianna patali sarta silih deudeulan.

Nulis mangrupa kagiatan nu produktif jeung éksprésif. Dina kagiatan nulis, hiji jalma diperedih sangkan bisa parigel dina ngokolakeun kekecapan sarta struktur basana. Kaparigelan nulis téh dibutuhkeun pisan, nepi ka Tarigan (2013, kc. 4) nyebutkeun yén kaparigelan nulis mangrupa salasihiji ciri bangsa nu *terpelajar*. Ku kituna, kaparigelan nulis téh kagolong salasihiji bahan ajar pangajaran-pangajaran basa di sakola sarta siswana diperedih sangkan bisa nulis.

Kagiatan nulis téh bisa dilakukeun dina rupa-rupa widang, boh widang sastra boh widang non-sastra. Salasihiji conto kagiatan nulis téh nya éta nulis téks

biantara atawa pidato. Kiwari biantara atawa pidato jadi salasihiji matéri nu kaunggel dina Standar Kompetensi Inti (KI) jeung Kompetensi Dasar (KD) dina kurikulum 2013 anu kudu diajarkeun di sakola sarta wajib dikawasa ku murid. Ogé pangajaran nulis téks biantara téh kaasup Perda Jabar No. 1 Taun 2003 anu saterusna diturunkeun dina SKKD atawa KIKD kelas X.

Dipiharep mah siswa téh geus parigel dina nulis téks biantara. Tapi harepan éta teu sinkron dina kanyataanana. Kamampuh nulis téks biantara siswa masih kaasup rendah. Loba kénéh siswa anu masih ngarasa hésé jeung can mampu dina nulis utamana dina éjahan, diksi, adegan basa, struktur téks biantara jeung karapihan tulisan. Pangajaran nulis anu dianggap hésé ku siswa téh nya éta nulis téks biantara.

Hal séjén anu kudu diperhatikeun nepi ka ngalantarankeun héngkéna kamampuh siswa dina nulis téks biantara nya éta lantaran média atawa modél pangajaran anu kurang luyu dina pangajaran nulis. Umumna guru méré pangajaran ka siswa dumasar kana naon-naon anu aya dina buku panduan, teu nepi ka ngagunakeun média atawa modél pangajaran nu bisa ngarojong pikeun nambahan élmu pangaweruh. Sabab nu séjénna ogé nya éta siswa can mampu nulis téks biantara kalayan bener tur merenah lantaran siswa baluweung kénéh dina milih éjahan saperti tanda baca, aksara leutik jeung aksara gedé (kapital), dina milih kecap (diksi) jeung modél atawa métode nu dipakéna kurang pas dina pangajaran nulis téks biantara. Nilik kana komponén anu dipeunteun nya éta: éjahan, diksi, adegan basa, struktur téks biantara jeung karapihan tulisan. Èta hal bisa kapaluruh tina siswa anu aya dina posisi handapeun Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM). Leuwih legana, pasualan sarupa kitu bisa dipaluruh tina hasil nulis téks biantara siswa nalika dibéré pancén ku guruna.

Nilik kana pasualan éta, guru salaku fasilitator kuduna bisa nyiptakeun prosés diajar ngajar sangkan bisa ngirut siswa. Guru mampu nyiptakeun modél jeung média pangajaran anu éféktif jeung éfisién nalika prosés diajar ngajar. Guru bisa ngalarapkeun bahan ajar kalayan bener tur merenah jeung kréatif ngarah siswa bisa paham kana pangajaran, utamana pangajaran nulis téks biantara. Ilaharna ngagunakeun modél pangajaran téh mangaruhan pisan kana prosés diajar ngajar.

Salasahiji modél pangajaran anu bisa ngirut sangkan siswa aktif jeung interaktif anu bisa dilaksanakeun dina pangajaran nulis téks biantara nya éta modél *Group Investigation*. Ieu modél pangajaran dina hakékatna mah nya éta strategi dina ngajar pikeun mantuan guru dina matalikeun antara matéri nu ditepikeun bisa dicangking sacara maksimal sangkan kahontal kana hasil prosés diajar ngajar. Modél *Group Investigation* disebut ogé modél pangajaran kooperatif. Pangajaran kooperatif ngondisikeun sakabéh siswa sangkan bisa aktif dina ngaréngsékeun pasualan atawa masalah matéri anu diungkulan sacara kelompok. Pangajaran anu dilakukeun sacara kelompok bakal ngaronjatkeun motivasi anu jauh leuwih gedé tibatan pangajaran sacara individual, sabab siswa bisa silih diajar jeung anggota nu séjénna (Joyce, spk. 2009). Salasahiji kaonjohan dina modél pangajaran *Group Investigation* nya éta ieu modél téh ngaping siswa dina hal ngajéntrékeun pasualan, nyalusur jeung niténan rupa-rupa perspektif dina éta pasualan kalayan babarengan pikeun ngawasa informasi gagasan jeung skill sacara simultan. Ku kituna, éta hal téh bisa jadi solusi sangkan kamampuh nulis téks biantara siswa bisa ngaronjat.

Aya sababaraha panalungtikan séjénna nu geus dilaksanakeun méh sarua jeung panalungtikan nu dilaksanakeun ku panulis, diantarana waé nya éta ngeunaan *Modél Pangajaran Group Investigation pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Guguritan (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII B SMP Negeri 27 Bandung Taun Ajaran 2015/2016)* nu dilaksanakeun ku Leli Nursafitri. Hasil dina éta panalungtikan téh ngabuktikeun yén modél pangajaran *Group Investigation* téh bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis guguritan kelas VIII B SMP Negeri 27 Bandung Taun Ajaran 2015/2016.

Salian ti éta, aya deui panalungtikan séjénna nya éta ngeunaan *Modél Group Investigation pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Laporan (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-6 SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajaran 2015/2016)* nu dilaksanakeun ku Nisa entragan 2012. Kitu deui, hasil panalungtikan nu ieu gé bisa ngabuktikeun yén modél pangajaran *Group Investigation* ogé bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII-6 SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajaran 2015/2016.

Panalungtikan séjénna ngeunaan *Modél Group Invéstigation* pikeun *Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Ringkesan Warta (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII D SMP Negeri 5 Bandung Taun Ajaran 2014/2015)* nu dilaksanakeun ku Nisa Dwi Nuranti entragan 2011. Dumasar kana hasil panalungtikan nu dilaksanakeun, tétéla modél *Group Invéstigation* téh bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis ringkesan warta sangkan leuwih hadé jeung ngaronjat.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikananu judulna “Modél Pangajaran *Group Invéstigation* dina Nulis Téks Biantara (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas IX A SMP Negeri 29 Bandung Taun Ajaran 2017/2018).”

### **1.2.1 Identifikasi Masalah**

Sangkan teu jembar teuing ambahanana, dina ieu panalungtikan téh diwatesanan nalungtik ngeunaan: kamampuh siswa dina nulis téks biantara ditilik tina éjahan, diksi, adegan basa jeung struktur téks biantara ka kelas IX A SMP Negeri 29 Bandung Taun Ajaran 2017/2018 dina nulis téks biantara ngagunakeun modél pangajaran *Group Invéstigation*. Komponén nu dipeunteunna diantarana: éjahan, diksi, adegan basa, struktur téks biantara jeung karapihan tulisan.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX SMP Negeri 29 Bandung taun ajaran 2017/2018 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX SMP Negeri 29 Bandung taun ajaran 2017/2018 sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*?
- 3) Naha aya béda anu signifikan atawa henteu antara kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX SMP Negeri 29 Bandung taun ajaran 2017/2018 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*?

## **1.2 Tujuan Panalungtikan**

Saperti halna nu geus dijéntrékeun dina kasang tukang jeung rumusan masalah, sacara jéntré panalungtikan ieu mibanda dua tujuan, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

### **1.2.1 Tujuan Umum**

Sacara umum tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun nguji modél pangajaran *Group Investigation* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX SMP Negeri 29 Bandung taun ajaran 2017/2018.

### **1.2.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX SMP Negeri 29 Bandung taun ajaran 2017/2018 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*;
- 2) kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX SMP Negeri 29 Bandung taun ajaran 2017/2018 sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*; jeung
- 3) bédana anu signifikan antara kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX SMP Negeri 29 Bandung taun ajaran 2017/2018 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*.

## **1.3 Mangpaat Panalungtikan**

Ieu pangalungtikan miboga dua mangpaat, nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis:

### **1.3.1 Mangpaat Tioritis**

Sacaratoritis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban:

- 1) Élmu atikan, pikeun ngeuyeuban élmu nulis, nyarita basa Sunda sangkan bisa leuwih jembar kana pangaweruhna.
- 2) Kaparigelan basa, dina ngagunakeun basa Sunda sangkan bisa leuwih hadé ngagunakeun basana.

### **1.3.2 Mangpaat Praktis**

Ieu panalungtikan ogé ngabogaan mangpaat praktis nya éta:

- 1) Pikeun guru, sangkan bisa nambahan pangaweruh dina modél-modél pangajaran anu éféktif, bisa meunang gambaran ngeunaan kamampuh siswa dina nulis téks biantara.
- 2) Pikeun siswa, sangkan bisa nambahan pangaweruh jeung pangalaman siswa dina pangajaran nulis téks biantara hususna ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation* jeung bisa ngabantuan siswa dina ngungkulan kahéngkérangan-kahéngkérangan dina nulis guguritan sangkan leuwih hadé sarta bisa ngaronjatkeun motivasi siswa dina diajar basa Sunda.
- 3) Pikeun panalungtik, sangkan bisa méré pangaweruh anu hadé kumaha ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation* jeung bisa sawangan keur kahareupna pikeun nu nalungtik nalika ngajar ka siswa sangkan bisa leuwih kréatif jeung inovatif.

### **1.4 Raraga Tulisan**

Sacara gurat badag raraga tulisan dina ieu skripsi kabagi jadi lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap:

BAB I bubuka, eusina ngawengku kasang tukang masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat praktis atawa mangpaat tioritis, jeung raraga tulisan dina ieu skripsi.

BAB II ulikan pustaka, eusina ngeunaan tiori-tiori nu ngawengku modél pangajaran *Group Investigation* sarta léngkah-léngkahna dina pangajaran nulis téks biantara. Dina ieu bab dipedar ogé raraga mikir jeung hipotésis tina panalungtikan.

BAB III métode panalungtikan, ngawengku ngeunaan métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, sumber data anu digunakeun dina panalungtikan, desain panalungtikan, instrumén panalungtikan, sarta prosedur panalungtikan nu ngawengku léngkah-léngkah ngumpulkeun jeung ngolah data pikeun dianalisis.

BAB IV hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina nya éta hasil panalungtikan anu ngawengku analisis data hasil panalungtikan jeung pedaran pangaruh modél pangajaran *Group Investigation* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara ka siswa kelas IX SMP Negeri 29 Bandung taun ajaran 2017/2018.

BAB V hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina nya éta hasil panalungtikan anu ngawengku analisis data hasil panalungtikan jeung pedaran pangaruh modél pangajaran *Group Investigation* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara ka siswa kelas IX SMP Negeri 29 Bandung taun ajaran 2017/2018.

**YENI SURAHMANTIKA, 2017**  
**MODÉL PANGAJARAN GROUP INVESTIGATION**  
**DINA NULIS TÉKS BIANARA**  
*(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa kelas IX A SMP Negeri 29 Bandung*  
*Taun Ajaran 2017/2018)*  
universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)